

**NILAI LAKU SPIRITAL SAJRONE SÊRAT JĂNGKA ING
TANAH JAWI KABANDHINGAKE KLAWAN SÊRAT SYEKH SUBAKIR**

(Tintingan Hermeneutika lan Intertekstual)

E-JURNAL



Dening :

Wilda Zian Yuwafa

150 2011 4062

UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

JURUSAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH

2020

“Nilai Laku Spiritual Sajrone Sérat Jängka Ing Tanah Jawi Kabandhingake Klawan Sérat Syekh Subakir”
(Tintingan Hermeneutika lan Intertekstual)

“Nilai Laku Spiritual Sajrone Sérat Jängka Ing Tanah Jawi Kabandhingake Klawan Sérat Syekh Subakir”
(Tintingan Hermeneutika lan Intertekstual)

Wilda Zian Yuwafa

S-1 Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
wildayuwafa@mhs.unesa.ac.id / zianyuwafa@gmail.com

Drs. Bambang Purnomo, M.S.

Dhosen Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

“Sérat Jängka Ing Tanah Jawi” minangka serat kang tinulis sajrone pangrembakane kasusastran Jawa anyar sing isih klebu kasusastran klasik minangka terusane saka jawa pertengahan, kapacak saka panggunane tembung sing kacampur klawan tembung basa Kawi, panggon nalika nyerat. Isi carita “Sérat Jängka Ing Tanah Jawi” sing katulis nalika jaman Mangkunegaran iku mbabar ngenani internalisasi islamisasi ing tanah Jawa dening Pandhita tlatah Ngerum. Nyaritakake ngenani kawaskithan, kadigdayane paraga utama minangka pandhita saka Praja Ngerum kang paring asma “Syekh Subakir”. Kawaskithan Syekh Subakir anggone nglurukake bangsa dhedhemit ing Gunung Tidhar minangka pakune tanah Jawa. Serat kasebut memper isine klawan transliterasi “Sérat Syekh Subakir” sing ditemokake panulis sajrone buku terbitan kanthi irah-irahan “Pembabaran Syekh Subakir di Tanah Jawa dan Ajarannya” panulis dening Husnu Mufid. Babagan saka aspek serat loro ing panliten kasebut, bakal kawedharake kanthi tintingan intertekstual lan hermenutik. Babagan kasebut tansah rumaket lan ora uwat kanggo paring dhudhutan tumrap pambiji (nilai-nilai) kang jumbuh klawan serat kaloron ing dhuwur. Mula sajrone parliten iki bakal ngemu underan yaiku : 1) Kepriye dhapukan carita sajrone Sérat Jängka ing Tanah Jawi?, 2) Kepriye transformasi sajrone Sérat Jängka Ing Tanah Jawi kabandhingake klawan Serat Syekh Subakir?, 3) Kepriye nilai laku Spiritual Sajrone Sérat Jängka ing Tanah Jawi lan Serat Syekh Subakir?. Ancase nindakake panliten iki kanggo nyuguuhake dheskripsi carita, transformasi saka serat kaloron nggunakake tintingan interteks lan hermenutik mula bisa paring pambiji sing kebak lelaku spritual sajrone carita serat ngloro ing panliten kasebut. Asil dheskripsi sajrone Sérat Jängka Ing Tanah Jawi ditemokake ana wolung adhegan. Asil transformasi sajrone serat kaloro yaiku mujudake bab Konversi, lan Modifikasi. Ana telung nilai miturut laku spiritual sing dicakake dening paraga sajrone serat kaloro ing panliten iki.

Tembung wigati: Struktural, Intertekstual, Hermeneutika, Laku Spiritual

ABSTRAK

“Sérat Jängka Ing Tanah Jawi” merupakan serat yang ditulis pada saat perkembangan kesusastraan jawa baru yang masih masuk terusan dalam kesusastraan klasik pada periodisasi kesusastraan jawa pertengahan, terbukti pada penggunaan kata yang tercampur oleh kosa kata bahasa Kawi, tempat dimana serat ditulis. Isi cerita “Sérat Jängka Ing Tanah Jawi” yg ditulis pada jzaman Mangkunegaran ini menjelaskan tentang internalisasi islamisasi oleh seorang pendeta dari Ngerum. Menceritakan tentang kewn, kekuatan tokoh utama sebagai seorang pendeta sakti dengan nama “Syekh Subakir”. Kesaktian Syekh Subakir dalam memangkas bangsa dhemit di Gunung Tidhar sebagai pakunya tanah Jawa. Serat tersebut memiliki karakteristik yang sama dengan transliterasi “Sérat Syekh Subakir” yang ditemukan penulis dalam buku terbitan dengan judul “Pembabaran Syekh Subakir di Tanah Jawa dan Ajarannya” penulis Husnu Mufid. Bab dari dua aspek serat kedua tersebut akan dianalisa menggunakan teori intertekstual dan hermeneutik. Bab tersebut saling mengisi dan tidak bisa lepas dalam kajian sastra tulis berwujud serat. Analisa tersebut memberikan rujukan mengenai beberapa nilai-nilai yang dihasilkan dari dua serat tersebut. Untuk itu dirumuskan beberapa masalah yaitu : 1) Bagaimana peristiwa cerita didalam Sérat Jängka ing Tanah Jawi?, 2) Bagaimana transformasi Sérat Jängka Ing Tanah Jawi dibandhingkan dengan Tafsiran Serat Syekh Subakir?, 3) Bagaimana nilai laku spiritual didalam Sérat Jängka ing Tanah Jawi dan Serat Syekh Subakir?. Tujuan melaksanakan analisa berdasarkan masalah untuk menjelaskan peristiwa cerita didalam, transformasi dari serat keduanya dengan teori interteks dan hermeneutik, hasilnya memiliki muatan-muatan nilai yang penuh dengan laku spiritual didalam kedua serat tersebut. Hasil deskripsi didalam Sérat Jängka Ing Tanah Jawi ditemukan ada delapan potongan adegan cerita. Hasil transformasi didalam kedua

serat tersebut berwujud Konversi, dan Modifikasi. Ditemukan tiga nilai mendasar pada laku spiritual yang diperbuat oleh tokoh dalam kedua serat pada penelitian ini.

Kata kunci: Struktural, Intertekstual, Hermeneutika, Laku Spiritual

Abstract

"Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi" is a fiber that was written at the time of the development of new Javanese literature which still entered the canal in classical literature during the periodization of middle Javanese literature, evidenced by the use of words mixed with Kawi vocabulary, the place where fiberwritten down. The contents of the story "Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi" written in the Mangkunegaran era explains the internalization of Islamization by a priest from Ngerum. Tells about kewn, the main character's strength as a sacred priest under the name "Syekh Subakir". The power of Syekh Subakir in cutting the demon at Mount Tidhar as the land of Java. These fibers have the same characteristics as the transliteration of "Sérat Syekh Subakir" which was found by the author in a book published under the title "Reading of Syekh Subakir in the Land of Java and its teachings" by the author Husnu Mufid. the chapter of these two aspects of the second fiber will be analyzed using intertextual and hermeneutic theory. The chapters are complementary and cannot be separated in the study of written literature in the form of fiber. The analysis provides a reference to some of the values produced from the two fibers. For that, a number of problems were formulated, namely: 1) How did the story unfold in Sérat Jāngka ing Tanah Jawi ?, 2) How was the transformation of Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi compared to the Interpretation of Syekh Subakir Fiber ?, 3) What is the value of spiritual practice in Sérat Jāngka ing Tanah Jawi and Fiber Syekh Subakir ?. The purpose of carrying out problem-based analysis is to explain the events in the story, the transformation of the fibers both with the theory of intertext and hermeneutics, the results have a full charge of spiritual behavior in both fibers. the results of the description in Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi found eight pieces of the story. The results of the transformation in both fibers are in the form of Conversion and Modification. Found three fundamental values in spiritual practice that are done by the characters in both fibers in this study.

Keywords : Structural, Intertextual, Hermeneutics, Spiritual behavior

PURWAKA

Periodhisasi kasusastran Jawa miturut pangrembakane jaman lan puitik kaperang dadi sastra Jawa kuna, sastra Jawa madya, sastra Jawa anyar. Sastra Jawa anyar kagolongake dadi sastra klasik lan sastra pesisiran. Pangrembakane islam tumrap tuwuhe kasusastran Jawa anyar kebak reriptan (Purbatjaraka, 2952:96). Para kadang priyayi sing wis mlebu ajaran islam wiwit ngripta carita islam, kanthi miwiti carita ngenani sejarah sing asalase saka tanah Timur Tengah, banjur saya tuwuh carita epik, piwulang lan sejarah islam mligine. Miturut (Purnama, 2014: 22), sejarah mula bukane Islamisasi ing Jawa miturut periodhesasi isih samar ateges isih durung anane hipotesa kang nyajekake bukti empiris ngenani wektu lan sapa kang nyebarake islame kapisan ing tlatah Jawa.

Proses Islamisasi aweh pangribawa wiwit dumadine praja Majapahit tengah abad XIV, lan moncer ing pungkasan abad XV sangisore masa kejayaane raden patah. Islamisasi Jawa tansaya moncer amarga ana daya pengaruh saka para wali kanthi cara ngembangake unsur- unsur tasawuf sajrone ajaran islam gayut klawan sipat kapercayan sakdurunge. Tegese yaiku Para wali tansah

ngupaya anggone paring pamawas lumantar prototipe klawan kapercayan Jawa yaiku hindubudha ing maneka bidhang panguripan. Tuladhane bidhang piwulangan kayata jumenenge pusat - pusat ngudi kawuh agama lumantar pondok, pahepokan, bidhang kasusastran arupa seSeratan naskah, seni petunjukan tuladhane unsur islamisasi sajrone pewayangan, politik lan agama. Jalaran anane pangibawa islamsasi, bidhang kasusastran Jawa pesisiran lumrahe luwih ngonjokake sipat religius tinimbang sastra klasik kang sumebar saka istanasentris. Jagad sastra Jawa pesisiran tansaya ngrembaka dadi carita ngemu surasa etik (religius utawa didaktik) lan (epik utawa kaprawiran). Tuladhane yaiku Serat wali sana. Kajaba iku, Reriptan sastra pesisiran ngamot konvensi konvensi umum yaiku : kasampekake lumantar tembang macapat pesisiran, lan jarang kang wewujud prosa, idiom dialek serapan basa melayu lan Arab, tinulis nggunakake arab pegon, lan ngrembaka isi teks ngamot ajaran primbon kayata ramalan, firasat, patunjuk, lan jampi jampi.

Syekh Subakir minangka tokoh kang isih samar ngenani wewujudane sing dikadang minangka salah sijine pamurwakane jaman dajwah

prawalisanga generasi kapisan sing mbikak tanah Jawa, numpes wewigitan sing njalari manungsa Jawa tansaya pracaya sajrone (Mufid : 2014, 25). Syekh Subakir minangka ulama saka tlatah Galbah (Iran), wasis anggone numbal daerah wingit, sing ndadekake wewatekan sing nyuguhake daya kaprawiran. Uwal saka wujud anane Syekh Subakir, adhedhasar pangribawa Syekh Subakir nelukake tanah Jawa tuwuhan sajrone jagad kasusastran yaiku seSeratan asipat epik salah sijine yaiku Sérat Jängka Ing Tanah Jawi.

Sérat Jängka Ing Tanah Jawi minangka daya wigati sajrone pangrembakan saka sastra Jawa anyar klebu Jawa klasik dirasakake sajrone tata cara panyebaran sastra kanthi cara naratif kayata direka dening pujangga istana nalika jaman islam kasunanan surakarta nalika sumebyare kasusastran Pesisiran ing dhaerah Pesisir. Sérat Jängka Ing Tanah Jawi kahimpun sajrone koleksi warsadiningrat, kapacak 1920 caka ing Yayasan sastra lestari, Solo. Serat anggitane R.Ng. Warsapradongga nggunakake basa Jawa kawi kacampur klawan basa Jawa anyar mawujud sajrone tembang, yaiku Sinom dumadi saka 21 pada, Dhandanggula 17 pada, Pangkur 25 pada, Asmaradana 19 pada. Serat kang wewujud tembang nyaritakake ngenani dumadine tanah Jawa lumantar tokoh Syekh Subakir minangka paraga utama, kajaba kuwi bakal ana paraga panyengkuyung sing ndadekakke carita tansaya kebak nilai laku spiritual. “Nilai” nduwensi konotasi sing positip ateges ndudhah sawijine babagan sig ngemu kautaman, kaluhuran, budi sajrone ngangsu urip. “Laku spiritual” ateges srana kanggo lumampah, tumindak (Poerwadarminta) kanthi sarana magepokan nyumarambat cinekatake marang Gusti Murbeng.

Panliten iki bakal nyuguhake sesambungan teks klawan teks liyane kang isih ngamot sesambungan mawa struktural. Sesambungan teks siji klawan liyane bisa munjeri minangka jagad sastra tuwuhan adhedhasar tuwuhan saka sisipan sastra liyane. Carita sajrone Serat kasebut bakal kawedhar lumantar intertekstual supaya bisa paring makna kanthi manyeluruh, mula bisa nuwuhake piwulang arupa nilai-nilai tumrap pamaca mligine babagan spiritual sing nengenake tindakan utawa atrap kanggo ngupaya nyedhaki marang Gusti Pangeran. Nilai-nilai

kasebut pesthine mawujud sajrone patrapan kang positip lan becik Asile panliten iki arupa dhesripsi kanthi cara hermeneutik, banjur nggayutake teks anyar Sérat Jängka Ing Tanah Jawi klawan Serat Syekh Subakir kanggo interteks, saka interteks kajupuk nilai sing paling onjo sajrone carita yaiku babagan spiritual. Nilai “Laku spiritual” ateges srana kanggo ngupaya kanthi sarana magepokan nyumarambat cinekatake marang Gusti Pangeran.

Andharan ngenani babagan kasebut mujudake bab kang mirunggan. Katrangan ngenani layang serat kaloro kasebut nuwuhake sawijine underan, yaiku : 1) Kepriye dhapukan carita sajrone Sérat Jängka ing Tanah Jawi?, 2) Kepriye transformasi sajrone Sérat Jängka Ing Tanah Jawi kabandhingake klawan Serat Syekh Subakir?, 3) Kepriye nilai laku Spiritual Sajrone Sérat Jängka ing Tanah Jawi lan Serat Syekh Subakir?.

Ancase nindakake panliten iki kanggo nyuguhake dhesripsi carita, transformasi saka serat kaloron nggunakake tintingan interteks lan hermenutik mula bisa paring pambiji sing kebak lelaku spiritual sajrone carita serat ngloro ing panliten kasebut. Paedah panliten iki diajab mligine kanggo pamersudi kasusastran bisa paring pambabarann ngenani etik, estetika gayut klawan fungsi sastra tumrap niti kauripan sajrone donya, lan medharake analisis sastra liyane.

Panliten saemper mligine wis ditindakake klawan panliten nggunakake pamarkan intertekstual lan hermeneutik, kayata panliten sing ditindakake dening Putri, Univeritas Negeri Surabaya (2015) “Piwulang Bab Pangeran, Kapangerenan Sajrone “Serat Ngabdul Jalil” Kabandhingake Klawan “Sufisme Syekh Siti Jenar”. Panliten kasebut ngonceki babagan piwulang kang diwulangake dening Ngabdul Jalil/Siti Jenar sajrone Serat Ngabdul Jalil (SNJ) lan Serat Syekh Siti Jenar (SSSJ). Asil interteks sajrone SSSJ nduwensi pepadhan babagan salat kang ditindakake yaiku salat wajib lan sunah, sasahidan ngenani kalimah syahadat, laku zuhud lan manunggaling kawula Gusti. Panliten ngenani interteks yaiku dening Fajar, Ramadhan, Univeritas Negeri Surabaya (2015) “Lakon Prahera Wilwatikta Sajrone Pagelaran Wayang Babad Dening Ki M. Naufal Fawwas (Tintingan Alih Wahana lan Intertekstualitas” Asiling panliten transformasi arupa owah-owahan babagan alur lan panokohan.

Babagan alur saka lakon menyang teks mujudake pambeda lumantar panambahan, pengurangan lan owah-owahan variatif.

Panliten intertekstual sabanjure yaiku, Munawaroh (2014) “Intertekstualitas Cerita Pandji Gandoeng Anger (PGA)i Dengan Roman Tjandra Kirana (TK)” PGA lan TK ana sesambungan intertekstual arupa penolakan lan pengukuhan konvensi. Panolakan TK tumrap konvensi PGA ana sajrone bentuk ekspansi lan modifikasi. Pangkuhan konvensi awujud prasetya tumrap pasangan, sipat ksatriya, lan latar agama.

Miturut (Endraswara, 2014:33) Sajrone upaya nggayuh spiritual kang budi luhur lan sampurnane (konteks jiwane manungsa) sayektine ngraketake jiwa sajrone batin sinebut Ngelmu. Ngelmu miturut konsep literal yaiku knowledge, nanging sing dikadang sajrone spiritual ing kene yaiku gnosis, yaiku babagan spiritual sing ora amung nengenake intelektual nanging uga intuitif. Adhedhasar mistik kejawen ora lelandhesan dening teologi, nanging lelandhes sajrone teosofi. Teosofi minangka ajaran kebatinan adhedhasar agama Budha lan Hindu. Adhedhasar teges teosofi kaya mangkono amarga kapracayan paham Monistik lan Panteistik. Monistik minangka Gusti moncer sajrone kajiwane manungsa lan jagad. Panteistik minangka paham minangka jagad manunggal sajrone Gusti

Panliti paring dudutan ngenani kosep babagan spiritual sajrone alam batin jawa dijilentrehake yenta sikap lan perilaku dhiri lumantar raos minangka pondhasi mujudake spiritual kanthi srana Laku utawa bsa sinebut nglampahi tingkatan laku tinuju dalan kang sufi.

Panliten sing medharake nilai-nilai spiritual sing kamot sajrone reription sastra dening Nur, Fatimah (2019) “Nilai-Nilai Spiritual Dalam Novel IQRA’! Reription Reza Nufa”. nglapurake babagan nilai spiritual, kayata sajrone asil panliten ngenani nilai spiritual a. Wigati b. Raos syukur c. Tanggung Jawab d. Tulung-tinulung e. Pracaya dhiri f. Sareh g. Pangerten h. Kajujuran i. Kamanunggalan j. Pethel.

Panliten iki bakal nggunakake tetembungan kanthi cekak sajrone nyebut objek serat lan dhata panyengkuyung, yaiku (SJT) : Sérat Jängka ing Tanah Jawi, (SSS) : Serat Syekh Subakir

METODHE PANLITEN

Panliten iki mujudake panliten asipat dheskriptif kualitatif. Asile panliten iki arupa dheskripsi lan andharan kang dianalisis gumantung teori sing diandharake kasebut. Kanthi metodhe interteks lan hermeneutik panliten iki ngupaya ngandharake dhata arupa dheskripsi, napsirake dhata-dhata sing mligi lan sesambungan sajrone objek serat klawan dhata sing nyengkuyung.

Endraswara (2008:42) ngandharake hermeneutika minangka upaya kanggo mangerteni tegese sastra kang ana ing walike struktur. Pamahaman tumrap makna, ora mung dumunung ing simbol, nanging uga ndeleng sastra minangka teks. Sajrone teks ana konteks kang asipat polisemi. Polisemi yaiku wewujudan basa (tembung, frasa, klausma isp) sing ngemu teges kang luwih saka siji. Mula, carane yaiku kudu bali menyang teks lan konteks saengga bisa nemokake makna kang utuh. Upaya mahami teks kudu ngenali system “bolak-balik”. Yaiku panliti kudu nindakake dekontekstualisasi banjur nindakakake rekontekstualisasi. Dekontekstualisasi yaiku langkah kanggo njaga otonomine teks nalika panliti nindakake panafsiran sing bisa jejuluk nindakake srana heuristik. Dene rekontekstualisasi yaiku langkah bali menyang konteks kanggo mangerteni lelandhesane tuwuhe teks.

Ratna (2013:172) ngandharake panliten kang nggunakake teori interteks nggunakake cara kanggo nemokake sesambungan-sesambungan makna antarane teks siji lan liyane. Pamahaman kanthi intertekstual nduweni tujuwan kanggo mikolehi makna-makna sajrone teks kanthi jero.

Teeuw (sajrone Nurgiyantoro, 2002:50) ngandharake kajian intertekstual medharake ancas kanggo mujudake tintangan tumrap teks-teks kang nduweni wujud lan gegayutan tartamtu. Contone nemtokake anane unsur intrinsik kayata ide, gagasan, kedadeyan, plot, alur, basa lan sapanunggale. Dhudhutan tintangan interteks nduweni tujuwan nemtokake unsur-unsur tartamtu kang wis ana ing reription sastra sadurunge, amarga ana gegayutane marang unsur historis.

Objek panliten iki yaiku Sérat Jängka Ing Tanah Jawi, dene panliten iki dumadi saka teks transliterasi sing kagayutake klawan serat sijine yaiku Serat Syekh Subakir minangka dhata sekunder lan sumber literatur sakliyane. Instrumen panliten iki yaiku panliti dhewe kanthi nggunakake

instrumen kertu awujud tabel kanthi ancas nggampangake anggone nglompokake dhata, nglompokake dhata saka serat kaloron kanthi nggunakake Struktural. Tata cara kanggo nglumpukake dhata yaiku nggunakake teknik pustaka kang nggunakake dhata awujud tulisan yaiku teks sajrone serat kaloron. Dhata sing wis diklompokake nggunkake kertu dhata bakal dianalisis jumbuh klawan underan adhedhasar teori sing digunakake. Bab- bab kasebut kayata tafsiran, piwulang, nilai- nilai, simbol lelaku. Dhata sing wis

siyap sajrone instrumen banjur diandharake kanthi cara ngidentifikasi sajrone perangan pada- pada sajrone serat, banjur mbandhingake, lan nginterpretasikake sajrone andharan . Dhata sing wis diandhrake banjur dilapurake sajrone bab andhran sajrone skripsi gumantung landhesan, underan, lan teori sajrone tintingan kapustakan.

ANDHARAN

Dheskripsi Dhapukan Serat Jāngka Tanah Jawi

Bab iki bakal ngandharake dheskripsi naskah Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi. Tujuwan saka dheskripsi iki nyuguhake asal- usul naskah kacipta dening panulis. Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi katulis dening Mas Demang Warsapradongga minangka abdi dalem mantri kasunanan surakarta sawetara taun 1894 M. Dheskripsi naskah kutipan digitalisasi Sasta.org. Kasunanan Surakarta dibangun wiwit 1745 dening paku buwono II nalika mindahake praja saka Kertasura menyang Desa Sala. Kasunanan Surakarta misuwur nalika jayane Paku Buwana X (1893- 1939)

Dheskripsi	Koleksi warsadiningrat
Sajrone	Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi
Sub judul	Jangkanipun Raja Pandhita Tuwan Sèh Bakir
Tipe	Naskah
Bentuk	Tembang
Basa	Jawa
Aksara	Jawa
Panyusun	
Jumlah	1 saka 1
Peran	Penyalin
Nama depan	M. Ng.
Nama belakang	Warsapradāngga lan R.Ng. Atmamardawa
Kedhudhukan	Abdi dalém mantri ordhénas
Panggon	Surakarta
Jilid	
Jilid#	1
Halaman	7
Sumber	-

Digitalisasi	
Tanggal	05-07-2017
Sumber dari	Yayasan Sastra Lestari #652 asli
Pengalihaksaraan	Yayasan Sastra Lestari
pengetikan	Yayasan Sastra Lestari
Katalog ing Yayasan Sastra Lestari (2007):	
Koleksi Warsadiningrat (Code: MDW1920a). Versi: Yayasan Sastra. Tahun: 1920c, Model : naskah.	
Bentuk : Tembang. Bahasa : Jawa. Huruf : Jawa.	
Kategori : kawruh. Rec. No: 652. Hlm: 2+ 62+1+12+22.	

Tabel 1 : Dheskripsi Naskah Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi

Serat Jāngka Tanah Jawi minangka salah siji reriptan dipenget dening abdi dalem kasunanan surakarta sawetara taun 1842 M (*katalog sastra lestari*). Serat kasebut dadi gunggunge himpunan nyawiji sajrone koleksi Warsadiningrat. Abdi dalem sing ngripta yaiku R.Ng Warsapradonga, anggone nyerat Serat yaiku asipat piyaga, ateges olehe nggubah ora temen miturut Serat asli nanging nindakake miturut sasenenge panganggit. Serat sajrone koleksi Warsadiningrat ngamot ikhtisar kapracayan para leluhur sing dikutip saka Serat, ing antarane yaiku saka Widyakarana lan Widyapramana, utamane yaiku olah budi. Serat Jāngka Tanah Jawi medharake carita kaprawiran Syekh Subakir sajrone nginternalisasikake peran paraga islam sajrone numpes kewingidane pulo Jawa. Anggone nulis kasadur saka Serat- Serat sakdurunge yaiku “Sérat Jōngka Sèh Bakir “sing kahanane risak ungēl-ungēlane, mula Warsapradāngga nyerat klawan tata carane dhewe, kasengkuyung klawan daya akal pikiripun, kapacak sajrone cathethan cilik ing pungkasane Serat punika :

Sérat Jōngka Sèh Bakir punika, ing ngajéng namung sêkar Sinom kalihan Pangkur, sarehning kula manah kêpanjangén, murih botén kêmبا kula rembak dados kalih sêkar, inggih punika sêkar Dhandhanggula kalihan Asmaradana, gunggung dados sakawan sêkar kalébêt ingkang lami, makatêñ malih sarehning Sérat

Jongka wau kathah ingkang risak ungêl-ungêlanipun, dening sumpun turunan marambah-rambah, mila saking kakêning manah kula lajêng kathah sangêt ingkang kula piyagah, miturut sérat ingkang kula waos kala lare, inggih saèngêt- èngêtipun. Wasana lêrês lêpat kula sumanggakâkén panggalhanipun para maos.

[Tandatangan: Warsapradôngga]. Lajêng nama Radèn Ngabèti Atmamardawa, abdi dalém mantri ordhénas, ing Surakarta.

[Tandatangan: Warsadiningrat]

Warsapradângga nyeratake kanthi alur cetha wiwit dumadine tanah jawa nganti lingsire pulo jawa. Tujuwan panyeratan ora ngira yaiku kanggo waspada tumrap pamaca ing tembe supaya bisa nyudhani apa sing dadi reruwete ati. Purwaka sajrone carita iki katunjukake yaiku babagan :

1. Kahanan Lemah Jawa Sèpèn.

Ngenani kahanan tanah jawa sing sèpèn. Tegese sèpèn yaiku jalaran pawongan jawa kuwi asline wis mukim, nanging ana bageyan lemah kayata alas “wana” lan kabudayan sing dikadang yaiku isih kebak kapitayan- kapitayan. Medharake kahanan sepi. Kahanan sing sepi lan suwung saka peradabhan manungsa kasengkuyung klawan kapitayan- kapitayan tartamtu sing ngonjokake samubarang alus, njalari sesingidane para bangsa alus. Kapacak sajone pada I, Sinom :

maspadakken roning kamal/ ngawruhi jongka Seh Bakir/ berata ruwedding driya/ iya mrih mulur ing budi/ warna- warna carita di/ saindeng pulo jaweku/ pra ratu nungswa Jawa/ dongenge tuwan Seh Bakir/ galur turut pratitis tuhu waskitha//

nahena ingkang winarna/ duk ing kina pulo jawi/ maksih suweng dadya wana/ pan namung isi dhadhemit/

2. Jeng Sultan Ngerum Antuk Sasmitaning Sukma

Katerusake ngenani carita Sultan Ngerum kang diimpeni kahanane pulo Jawa sing isih kebak pakewed. Mula saka iku sang Sultan pikantuk sasmita ghaib supaya ngadakake pawongan lan nyegah saka bebendu sing dirasa sakmenika negari Ngerum wis sumorot cahayane islam. Kapacak sajrone pada II Sinom :

sasmitaning Hyang Widhi/ dhawuh marang Sultan ing Rum/ kinen ngiseni janma/ wau ingkang pulo jawi/ gya nimbalii Patih wus sumiweng ngarsa//.

3. Patih Mangkat Menyang tanah Jawa

Paraga Patih minangka abdine Jeng Sultan Ngerum ditimbali supaya menyang tlatah sing jenenge tanah Jawa, diutus kanggo ngisi tanah Jawa. Ngisi tanah Jawa miturut (Zamroji. 2009:9) nalika mangkate menyang tanah Jawa pranyata wis ana pawongan, nanging isih manggon . (Musman:

2017:56) Pawongan tanah Jawa akeh saperangan nganut kapitayan tumrap paham kaanane pangeran sajrone budayane kayata pantheisme, monteisme, Deisme, Animisme, lan teisme. Salah sijine agama sing wis nganut dhasardhasar formal salah sijine yaiku agama Hindu lan Budha. Kapitayan ngenani babagan pangeran nuwuuhake laku mistisme wingit sajrone jagad kamanungsan pulo Jawa. Mula ana tetembungan sajrone pada ing dhuwur “namung isi dhadhemit” nggamarake yen rakete alam lelembud klawan alam kamanungsan. nalika Sultan Ngerum (Galbah) carita lan tetanya menyang Patih ngenani kahanan pulo Jawa apa isih rumaket anggonge ngalembana tumrap sakliyane alam kamanungsan.

Adhedhasar Negari Ngerum ing jaman menika islam tanyah ngrembaka sumebyar. Patih semana uga mangsuli menyang Sultan Ngerum dheweke uga durung ngerti kahanane pulo Jawa sakmenika kejaba kahanane isih sunya, manungsa Jawa kang waskitha ing jaman iku ateges nduwe wadya bala. Miturut (Zamroji. 2009:11) praja Ngerum nganggep yen tembung “Sunya” menika isih durung nduweni agama, sinaosa manungsa Jawa wis nganut Hindu, Siwa, Budha lan kapitayan. Patih uga ngandharake yen leres aturipun Jeng ngandhika, yen ana warta saka para Nakoda saka tlatah Sumbawa nglewati pulo Jawa menika isih arang- arang manungsane. Pulo kasebut mbujur madeg saka kulon menyang wetan, akeh Gunung, sakkulone Bali.

Jlentrehan saka Patih ndadekake krenteg manah, mula tuwuh daya kawicaksanane. Jeng Sultan tansaya gedhe. Jeng sultan enggal mrentah menyang Patih nuli mangkat menyang pulo Jawa. Supaya ana panguripan ing kana mula pawongan sing arep kokgawa menyang Jawa tansah bisa tandur lan tani. Nanging apa sing dilakokake dening Patih babar pisan ora kasil, amarga daya waskithane para lelembud ing Tanah Jawa, Ature Sultan praja Ngerum menyang Patihe kapethik sajrone pada 3, sinom :

Jeng Sultan Galbah ngandika/ heh Patih apa sireki/ wus wikan ing pulo Jawa/ lawan yen miyarsa warti/ suwung utawa isi/ kya Patih nembah umatur/ dhuh gsti sri narendra/ kawula dereng udani/ mung miyarsa pulo jawi maksih sunya//

wartining para nangkoda/ kang sampun nate udani/ layar mring pulo sembawa/ anglangkungi pulo jawi/ pan dereng isi janmi/ wana geng tur kathah Gunung/ujuripun mangetan/ kaprenah sakilen Bali/ sri narendra alon denira ngandika//

4. Jeng Sultan Ngutus Syekh Subakir

Jlentrehake ngenani mature Jeng Sultan menyang Syekh Subakir. Prentahe ing kene yaiku supaya menyang tanah Jawa, masang tumbal sing ana ing Gunung ing tanah Jawa kajaba aja lali nggawa manungsa supaya pulo Jawa bisa ana panguripan kang luwih becik :

jeng sultan langkung ngungunnya/ gya nimbal seh Subakir/wus prapta byantareng nata/ ngandika sri narapati/bapa sira sun tuding/layar mring tanah Jaweku/ sira masanga tumbal/sakeh Gunung kang waradin/dimen lunga setane kang mongsa janma//

5. Syekh Subakir Menyang Tanah Jawa lan Nindakake Tênung

Jeng sultan paring sasmita ngenani pawongan sing bakal ngurip-uripi tanah Jawa sakwise asale saka tlatah Keling jeng sultan maringi piweling nalika wis manggon ing Jawa klawan rakyat Keling, aja lali sira emong a supaya tansah tinebih klawan bebendu. Mangkata Syekh Subakir ngayahi jejibahan saka Jeng Sultan Ngerum. budhale Syekh Subakir ing tlatah Keling kacaritakake sakwise antuk amanah jejibahan panjenengan Syekh langsung matur, nyuwun ijin ana ing tembung “uluk salam”. Syekh Subakir nyiapake ubarampe banjur nglayar menyang tlatah Keling cacahe padha 20.000 pasang. Teka ing pulo jawi kacaritakake seh Subakir njujug tumuju Gunung Tidhar.

Miturut (Mufid. 2014:01) sajrone Babad tanah Jawa kagamarake tlatah Jawa nalika saka kadohan kayata kapal sing tansah kombang-kambing amarga katerak ombak kang luwih gedhe tinimbang wilayahe. Amarga bentuke kapisah-pisah saka pulo siji klawan liyane, ing sawijining dina pulo Jawa katon madeg megah wiwit ana lemah sing mecungul ing dhuwur mbentuk Gunung kerucut, pawongan Jawa paring sinebutan yaiku Gunung Tidhar.

Gunung Tidhar miturut (Zamroji. 2009: 39) minangka puser/punjere tanah Jawa, amarga manggone aneng tengah-tengahe pulo, (Endraswara. 2016:49) Miturut falsafah landhesan Jawa , panguripan batine wog Jawa panggone ana ing Madya. Madya ateges tengah tengah, yen dicakake madya ngemu laras, imbang, ora kaluwihan uga kacingkrangen. Madya uga nyanggupi manungsa tansah mawas dhiri. Wiwit kedadeyan iku pawongan Jawa nganggep yen Tidhar minangka pakuning utawa punjer dayane

pulo Jawa. Mula akeh manungsa sing pracaya ngenani daya kuwasane Gunung Tidhar lan tuwu kapitayan ngenani pangeran kang maneka. Syekh Subakir minangka pandhita alim lan waskitha nglaksenani rerangken ajian kasebut. Miturut (Mufid. 2014:34) tetumbalan ing kene ateges awujud dedonga lan azimat arupa rajah dijuluki ilmu Kalacakra. Donga ilmu Kalacakra yaiku : YA MORAJA-JAROMAYA,YA MARANI- NIRMAYA, YA SILAFA-FALASIYA, YA MIDORO-RODOMIYA, YA MIDOSA- SADOMIYA, YA DAYUDA-DAYUDAYA, YA SIYACA-CAYASIYA, YA SIHAMMA-MAHASIYA. Bab ing dhuwur kapacak sajrone pada iki :

wong Keling sira gowoa/tanduren ing tanah jawi/yen wis puriheh sesawah/nuli mangkata den aglis/layar mring pulo jawi/lan si Patih aywa kantun/sandika aturira/uluk salam budhal nuli/babar layar lampahing palwa angerap//

ing tanah Keling wus prapta/nulya amundhut sujanmi/ [18]

rong leksa somah binekta/prasamya saput piranti/ prapta ing tanah jawi/samana Seh Bakir wau/anjujug Gunung tidhar/kang tumbal pinasang aglis/wus warata pucaking wukir sundara//

6. Syekh Subakir Panggih Klawan Semar lan Togog

Kedadeyan rusuh lan ewed sakklebatane Gunung Tidhar wartane nganti alas lan pawongan klawan bature siji kang paring jeneng Sang Hyang Semar utawa Semar klawan bature Togog kang sing manggon ing Gunung Rebabu utawa Merbabu. Togog wus mojar klawan Semar yen ana gara-gara swara gemleger saka Gunung Tidhar, Togog nyeluk Semar jlentrehake kedadeyan sing lagi katiwasan iki. Cecaturan Semar lawan Togog ngenani gara-gara kang gumlegar ing Gunung Tidhar, paring gegambaran ngenani kedadeyan bhumi gonjang-ganjing, para jin priyangan ewed, kilat chetathit, angin muter gedhe, lan swara gumlegar saka pucuke Gunung. Sang Togog alon tetanya marang Semar iki pratandha ngenani kedadeyan apa?. Banjur ki Semar mangsuli “apa kowe ora mangerten i yen ana pawongan saka Ngerum sing nggarai ontran-ontran kabeh lelembud. Cecaturan Semar lan Togog dipungkasi kanthi ajak-ajakan menyang Gunung Tidhar kanggo nemoni Syekh Ngerum kapacak ing pada ngisor iki :

Sang hyang Semar wastanira/Sang hyang Togog kang satunggil/dhedhukuh wonten ing arga/sukuning Merbabu wukir/dhedhepok sampun lami/samana sang kalihipun/lagyeca lelungguhan/nulya na swara kapyarsi/ /langkung kagyat sang kalih miyarsa swara// Sang Hyang Sêmar wuwusira / kakang Togog paran iki / gara-gara agung prapta / gumlégr swaraning wukir / bumi kadya ginonjing / prakémpta asindhung riwut /

*kilat thathit liwérán / calèrèt lan obar-abir / tanpa
mèndha saya gêng kang gara-gara //*
*Sang Hyang Togog saurira / manira boyo udani / lah
môngsa-bodhoa sira / Sang Hyang Sémâr gya wéwarti /*
yèn ki raka tan uning/ mangky wontén pandhitèng Rum /
prapta ing tanah Jawa / reriptan rusaking dhédhémít /
amasangi tumbal sakèhing aldakai//
dawèg ki raka lumampah / marpègi marang sang rèsí /
*pan iku kang reriptan rusak / kang nundhung sakèhing
dhémít / ingsur arsa pinanggih / tanya karanane iku /*
*sagunging brakasakan / sadaya sami angili / kagegeran
lélémbut ing tanah Jawa //*

7. Semar lan Togog Mbabar dhiri

Babagan iki jlentrehake ngenani eksistensi pawongan loro, Semar lan Togog. Sejatine ora suwe ya lagi wae entuk umur limang ewu taun, banjur madeg gawe wilayah ing tlatah Jawa iki entuk sewu taun. Gumun banget Syekh Subakir ngrungokne carita Semar “sejatine yen manungsa kok suwene anggonmu urip, aku durung kaprenah mangerten ana pawngan umur sadawane ngluwih umure Kanjeng Nabi Adam, sejatine sira kuwi sapa?,

Sejatine kawula dudu manungsa, ya kawula niki dahnyang dewa-dewin sinebut pamomonge tanah Jawa, sesepuh tetuwane sakabehane ya sakabehane lelembud, kula niki ya titisan sang Dewi Kawa (Hawa), kula niki nggih jejuluk Sang Hyang Manik maya, Sang Hyang Esis (Sis) Hyang Srigati uga aku, Bethara Guru uga titisan kawula, Sang Hyang Wenang ya julukan kawula, uga Hyang Jayakusuma, banjur Ki Joko Pendak Angtek-amgtek kucing gati, ya aku Sang Hyang Semar. Sasuwene ing tlatah iki nalika ibu Hawa nglunturake raos bagya mulya, ateges nglairake benihe, banjur katrima dening Azazil/ ijajil banjur dadya kawula kapacak pada ngisor iki :

Sayaktine ngong dede sujanmi / gih manira dhanyang tanah Jawa / sésépuh môngka ulune / sagunging kang lélémbut / ngong titise Kawa Sang Dèwi / yèn padukarsa tanya / mring jéjuluk ingsun / inggih Sang Hyang Manikmaya / Sang Hyang Esis Hyang Srigati inggih mami / Bathara Guru ingwang //
Sang Hyang Wénang gih jéjuluk mami / lawan inggih Hyang Jayakusuma / Dyan Jakapandhak malihie /
--- [19] ---

Idhi-Idhi gih ingsun / Ithi-Ithik acincing gati / sésilih Sang Hyang Sémâr / de dumados ingsun / duk ing kina Ibu Kawa / anglunturkén rahsa tinampam Idajil / winorkén kamanira //

8. Syekh Subakir Mbabar Ngenani Lakune Tanah Jawa

Syekh Subakir mangsuli yen tujuwan panjenengan menyang pulo Jawa ora ngira yaiku nglaksenani jejibahan saka Jeng Sultan Ngerum kang antuk sasmita ghaib diken nglurusake tanah

Jawa saka bebaya, mula aku nggawa pawongan saka Keling cacahe rong puluh ewu supaya bisa omah-omahan ing kene. Sang Hyang Semar. Pada ing bab wolu bakal jlentrehake ngenani cecaturan Semar klawan Syekh Subakir ngenani kedadeyan sing wis dilakokake dening Syekh Subakir lan predhiksi jangka lakune Tanah Jawa. Tuwan Syekh Ngerum miwiti caritane yaiku sakabehane wis dadi ginaris takdire Gusti, mbesuk wong rongewu sing tak gawa iki nganti satus taun anggone urip, ora ana sing mimpin banjur sirna entek. Mula sawetara kuwi durung ana aturan, panguripan kayata manuk sing tansah miber bebas. Banjur ing tembe sesok baal ana jumeneng praja ing tanah iki, tata urutane praja bakal dijlentrehake kanthi ringkes miturut tabel saka panliti amarga dawane pada ngennai jangkane tanah Jawa, yaiku :

Rantaman Ratu Jumeneng Praja ing Tanah Jawa
Manungsa 2000 sing digawa klawan Syekh Subakir (100 taun)
Genep 151 taun ratune prabu Sela Prawoto, Petataran ing Gilingwesi (100 taun). Wiwit jaman Budha
Ratu titisan Dewa wisnu (Medhang Kawit) 100 taun
Ratu kembar, ing Ngamarta lan Pancawati (titisan dewa wisnu) (40 taun)
Ratu ing Wirata lan Madura (50 taun)
Ratu ing kidule Wirata (60 taun)
Ratu sing misuwur ing negarine (40 taun)
Ratu sing iman ing Arab manggon ing Jorogo (60 taun)
Ratu Sri Maha Punggung manggon ing Gunung Lawu (100 taun)
Ratu ing Kahuripan (100 taun)
Ratu ing panggon liyane (100 taun)
Papat ratu sing padha, Jenggala, Kedhiri, Ngurawan lan Singasari
Ratu titise Wisnu ing Jenggala, gelare Panji Rawisrengga (100 taun)
Ratu ing Pejajaran (100 taun)
Sakwise jaman iki bangsa alus ora katon menyang mriplate manungsa
Ratu Majapahit minangka praja nguwasan Nuswantara
Jumeneng Praja Demak Raden Patah, Agama Budha ora katon moncer
Loro praja Giri lan Pajang (8 taun)
Jumenenge Mataram ratune gelar Senopati (100 taun)
Ratu ing Wonokerto jenenge Sendang Ruwang

Kaganti ratu maneh ora kasebutake
Ana ratu maneh ing Mataram
Mlebu jaman Sengara. Wiwite jaman sengara (Zamroji. 2009: 45) sakwise praja Surakarta Hadiningrat kaperang dadi loro, Solo lan Jogja nganti jumenenge jejluku ratu adil. Bhumi Jogja rikalane dadi Mataram Islam sing dijumenengake dening senopati sing musat ing Kutha Gede. Tuwuhe Ratu Adil, yaiku pamimpin sing bakal nyelametake tanah Jawa saka bebaya lan rusuhe pulo Jawa.
Jamane ratu adil. Pamimpin sing adil, ing alas ketonggo gelar Sultan Nawang Tin Herucokro.
Ratu kembar : manggon ing sisih lor Gunung Bahito sing liyane ing Madura (50 taun)
Ratu Baleberan (60 taun) kajahah klawan prenggi 30 taun banjur tekane balatetulungan saka Ngerum
Ratu katurunan Waringin Rebah ana ing punjere Majapahit (39 taun)
Sirnane pulo Jawa

Tabel 2: Rantaman Ratu Jumeneng Praja ing tanah Jawa

Transformasi Serat Jéngka Tanah Jawi kabandhingake klawan Serat Syekh Subakir

Asil Transformasi SJTJ kabandhingake klawan SSS	
Pepadhan	Jlentrehan
Babagan paraga lan pamaragan	<p>Babagan paraga lan pamaragan sajrone SJTJ kabandhingake klawan SSS, ngemu pepadhan sajrone</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Jeneng paraga utama sing sarwa ana sajrone naskah kaloro. yaiku : Syekh Subakir 2. Jeneng paraga panyengkuyung sing ana sajrone naskah kaloro yaiku : Ki Patih, Jeng Sultan Ngerum/Sultan Muhammad I, Sang Hyang Semar, lan Sang Hyang Togog 3. Wewatekan sajrone paraga utama lan panyengkuyung antarane naskah SJTJ klawan SSS ora ngemu owah -owahan lan

	<p>pangilangan, dijlentrehak e wewatekan sajrone paraga utama lan panyengkuyung :</p> <ol style="list-style-type: none"> a. Paraga Utama : <ol style="list-style-type: none"> 1. Syekh Subakir : Waskitha, prawira, ngayahi, lan prabawa b. Paraga panyengkuyung : <ol style="list-style-type: none"> 1. Ki Patih : mituhu 2. Jeng Sultan Ngerum : Religius, winasis, paring pangayom lan teges, simpati 3. Sang Hyang Semar / Ki Semar: nastiti, toleran, pamomong lan pangayom 4. Sang Hyang Togog/Kakang Togog : tanggap ing sasmita, pamomong
Babagan tema	<p>Tema antarane SJTJ klawan SSS ngemu babagan kang padha yaiku Babagan sejarah. Pamurwakane sejarah amarga ana sub tem sing munjeri, yaiku :</p> <ol style="list-style-type: none"> a. Kawaskithan b. Kaprawiran c. Mistisme
Babagan alur	<p>Babagan alur antarane SJTJ lan SSS ngemu babagan perangan sing padha yaiku :</p> <ol style="list-style-type: none"> a. Permulaan (diwiwiti kanthi gegambaran kahanane pulo Jawa lan antuke sasmitaning sukma dening Jeng Sultan Ngerum) : <ol style="list-style-type: none"> 1. Permulaan <ul style="list-style-type: none"> • Awal mulane kahanan pulo Jawa • Kanjeng sultan Ngerum antuk sasmita karamah • Kanjeng sultan Ngerum ngutus

<p>marang Ki Patih menyang pulo Jawa</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mangkat Ki Patih menyang pulo Jawa klawan manungsa rong puluh ewu leksa • Ki Patih balik menyang negari Ngerum, matur marang Sultan Ngerum yen kasil anggone ndeleh manungsa <p>2. Pertikaian</p> <ul style="list-style-type: none"> • Manungsa rong puluh ewu leksa tilar donya, jalaran dipangan dhedhemit, lelembut. <p>3. Penarjakan</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sultan Ngerum nyeluk Syekh Subakir ngutus numbal lan nggawa wong sajrone tanah Jawa. <p>4. Perumitan</p> <ul style="list-style-type: none"> • Syekh Subakir saguh anggone menyang pulo Jawa gawa amanah saka sultan Ngerum. • Syekh Subakir tindak mring pulo Jawa • Syekh Subakir masang tumbal <p>5. Puncak</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kahanan bebaya, tuwu Swara kang gumlegar, sakabehane barang alus ngungsi <p>6. Peleraian</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki Semar lan Togog ngrungokake banjur 		<p>mudhun nemoni Syekh Subakir</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ki Semar lan Togog ngadakke rerembagan • Kasepakatan saka rerembagan kekalih • Piweling Syekh Subakir menyang dahnyang kekalih jlentrehan jangkane tanah Jawa saka Syekh Subakir <p>7. Pungkasan (<i>endhing</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pepisahan antarane Ki Semar lan Syekh Subakir
<p>Babagan latar</p>	<p>Babagan latar antarane SJTJ lan SSS ngemu babagan perangan sing padha yaiku :</p> <ol style="list-style-type: none"> a. Latar panggon : <ol style="list-style-type: none"> 1. Tlatah Keling 2. Tlatah Jawa 3. Gunung Tidhar 4. Alas 5. Gunung Merbabu 6. Segara b. Latar wektu <ol style="list-style-type: none"> 1. Wayah gumlegere pedhet 2. Jaman tembe ngarep c. Latar sosial <ol style="list-style-type: none"> 1. Tlatah Jawanalika isih sepen 2. Praja Ngerum 3. Gunung Tidhar d. Latar kahanan <ol style="list-style-type: none"> 1. Sêpèn 2. Èwêd 	
Pambeda	Kutipan	
<p>Ekspansi</p>	<p>Ekspansi ateges panjembaran sajrone teks anyar, bisa awujud panambahan sawijine babagan intrinsik lan unsur pamangun liyane. Antarane SJTJ lan SSS <i>ora ditemokake Ekspansi</i>.</p>	
Konversi	Konversi yaiku pamutusan saka	

<p>matriks dhasare. Pamutusan jalaran panulis bakal nemtokake reriptane kanthi mertahanke konvensi utawa bakal nunjukake unsur pertentangan. Konversi ing kene sinaosa kadukung kanthi alam pamikire panulis sing nulis kanthi cara piyagah mutus salah siji babagan carita yaiku ngenani sikluse jaman.</p> <p>1. Babagan alur (permulaan) sajrone Siklus jaman Tafsiran SJTJ ora jlentrehake ngenani sikluse jaman sing ana ing SSS kayata ing pada ngisor iki :</p> <p><i>Jamane limang prkawis, kang dihin ingaranan Tirta, nulya Karta kapindone. Dupara kaping telunya, Kaliyup ping sekawan, jangkep kaping limanipun, winastan jaman Sengara</i></p> <p><i>Tirta jaman ingkang dihin, salekse warga laminya. Karta kapindo jamane, naming wolung ewu warsa, ganti jaman Dupara mung nem ewu kawan atus, langkung sangang dasa warsa.</i></p> <p><i>Jaman Kaliyup gumanti, para Mukminkas angira, kalih ewu warsa maneh, lawan sangangalus warsa, ganti jaman Sengara nenggih wawatesan umur, naming kalih ewu warsa.</i></p> <p>(SSS.PI.Snm. Pd 1-3)</p> <p>Kuthipan pada ing dhuwur miwiti alur “permulaan” sajrone SSS, kajaba ing SJTJ alur “permulaan” diwiwiti klawan jejere kahanan pulo Jawa, ora ana jlentrehan ngenani siklus jaman kayata kapacak tapsiran sajrone SSS.</p>		<p>2. Pamutusan konversi sajrone SJTJ klawan SSS yaiku ngenani paraga panyengkuyung yaiku Nabi Adam sing ora ditemokake sajrone naskah SJTJ. Kapacak sajrone SSS :</p> <p><i>Nabi Adam munggawing swarga, lamine satus warsa Kadukan marang tiyang Widi, tinurunaken mring donya, tanpa sandang sarirane</i> (SSS. PI.Asmrdn.Pd 09-10)</p> <p>3. Pamutusan konversi sajrone SJTJ klawan SSS yaiku ngenani babagan latar panggon yaiku Kahyangan Swargaloka sing ora ditemokake sajrone naskah SJTJ. Kapacak sajrone SSS :</p> <p><i>Lalanjon titahing Widi, laminipun kalih leksa, sangang ewu ing taung, kalanira Nabiyullah, taksih munggwing suwarga, Malekat bangsanipun</i> (SSS. PI.Asmrdn.Pd 07)</p> <p><i>Nabi Adam munggawing swarga, lamine satus warsa</i> (SSS. PI.Asmrdn.Pd 09)</p> <p>4. Pamutusan konversi sajrone SJTJ klawan SSS yaiku ngenani babagan latar Wektu sing ora ditemokake sajrone naskah SJTJ. Kapacak sajrone SSS :</p> <p><i>Jamane limang prkawis, kang dihin ingaranan Tirta, nulya Karta kapindone. Dupara kaping telunya, Kaliyup ping sekawan, jangkep kaping limanipun, winastan jaman Sengara</i>(SSS. PI.Asmrdn.Pd 04)</p>
--	--	--

Modifikasi	Modifikasi kababar sajrone SJTJ klawan SSS yaiku panulisan gramatikal kang beda nanging ngemu makna kang padha. Kayata panulisan paraga utama sajrone SJTJ “Seh Bakir, Kya Patih, Sang Hyang Semar ” nanging kapacak SSS panulisane “Tuwan Sech bakir, Ki Patih, Ki Semar”: Modifikasi uga digunakake ngenani panggunane babagan basa. Antarane SJTJ, SSS padha padha migunakake cecampuran basa Jawa anyar lan tetembungan kawi. Nanging panggunaane ora runtut (acak): <i>Puwara renge ngandika, timbalana Sech Subakir, tan anatara prapteng ngarsa, ngandika Sri Narapati, bapa sira sun tuding, layar mring pulo jaweku, sira masanga tumbal kang hardi-hardi, dimen lunga lelembute pulo Jawa.</i> (SSS.Snm. Pd 09) <i>wewe peri prayangan/ samya ngili mring wanadri/sadaya prasami bibar/saweneh malbeng</i> (SJTJ). Kaca 18. Snm. Pd 12) <i>Sang Hyang Togog saurira manira boyo udani lah möngsa-bodhoa sira Sang Hyang Sêmar gya wêwarti yèn ki raka tan uning mangkya wonten pandhitèng Rum prpta ing tanah Jawa reriptan rusaking dhêdhêmit amasangi tumbal sakéhing aldaka//</i> (SJTJ. Kaca 18. Snm. Pd 13) <i>Sang hyang Semar wastanira/Sang hyang Togog kang satunggil/dhedhukuh wonten ing arga /sukuning Merbabu wukir /dhedhepok sampun lami/samana</i> (SJTJ. Kaca 17. Snm. Pd 08) Kuthipan pada ing dhuwur jlentrehake ngenani panggunane unsur tetembungan kawi “hardi-hardi” klawan “Wanadri” nanging tetep ngemu makna kang padha yaiku “alas lan	Gunung”.
		Ekserp Jalaran teks SJTJ kebak pepadhan sajrone unsur struktur mula <i>ora ditemokake</i> owah-owahan sing ngemu sarine crita. Sari crita sing dimaksud yaiku wujud kristalisasi sajrone naskah transformasi menyang teks reriptan sakdurunge. <i>Tabel 3: Asil SJTJ kabandhingake klawan SSS</i>

Nilai Laku Spiritual Sajrone Serat Jăngka ing Tanah Jawi klawan Serat Syekh Subakir

Piwulang laku spiritual bakal kajlentrehake sajrone bab iki. Sérat Jăngka Ing Tanah Jawi paring piwulang kebak ngenani gegambaran spiritual dhiri paraga sing bisa dicakake sajrone panguripan. Spiritual sajrone SJTJ kacaritakake kanthi gegambaran lelaku, mligine yaiku patrapan ngenani saben saben kedadeyan sing ditindakake lumantar paraga-paraga sajrone carita. Wewatekan paraga kang sarwa manuju kautaman, kayatan wewatekane Jeng Sultan minangka praja Ngerum ngemu sipat sipat minangka saklumrahe raja sing ngecakake sipat Asta Brata.

Kya Patih, Syekh Subakir sing ngecakake karakter minangka abdi, Patih, sing tansah ngugemi, taat jejibahan saka Praja Ngerum. Paraga Semar lan Togog kacaritake dening panulis kanthi konotasi, wiwit saka asale, tujuwan ing tanah Jawa, lan pralambang liyane kang bakal dijlentrehke sajrone panliten iki. Gegambaran ngenani pulo Jawa uga bakal dijlentrehake gayut klawan kosmologi pamikiran filosofi tiyang Jawa.

Laku spiritual saben paraga bakal dicakake tumrap maneka perangan addhedhasar srana nggayuh :

- 1) Srana Tugas
- 2) Srana Pangasuhan
- 3) Srana Kawruh
- 4) Srana ngowahi kapribadhen
- 5) Srana raos paseduluran
- 6) Srana dedikasi kapamimpinan

1. Laku Srana Dedikasi Kapamimpinan

a.Moncerake citra minanga ratu

Laku winasis jeng sultan Ngerum kapacak sajrone SJTJ pada iki :

*“Jeng sultan langkung ngungunnya/gya nimbali seh Subakir/wus prapta byantareng nata/ ngandika sri narapati/bapa sira sun tuding/layar mring tanah Jaweku/ sira masanga tumbal/sakeh
Gunung kang waradin/dimen lunga setane kang mongsa janma//”. (SJTJ. Kaca 17. Snm. Pd 08)*

Pada ing dhuwur jlentrehake yenta Jeng Sultan sakwise antuk warta lelayu saka Patih, panjenengane enggal nimbali tuwan utawa pandhita Subakir. Ateges saka rasa “*ngungunnya*” (gumun banget) amarga pawongan padha mati ndadékake piyambake nimbali pawongan sing sawatara pandhita (ahli tapa, ngulama, wong kang suci). Ateges daya panalaran, lan teges tansah ana sawijining Ratu. Jeng sultan sajrone nglakone laku spiritual kagolong srana dedikasi lumantar dedikasi kapamimpinan. Jeng Sultan wus ngecakake salah sijine Astabrata yaiku Hambeg Geni (teges), Hambeg tirta (nentremake), Hambeg Surya (winasis amarga tersinarkan, tersinarkan wisik saka lelaku suci). Babagan kasebut uga kapacak sajrone SSS yaiku :

Puwara renge ngandika, timbalana Sech Subakir, tan anatara prapteng ngarsa, ngandika Sri Narapati, bapa sira sun tuding, layar mring pulo jaweku, sira masanga tumbal kang hardi-hardi, dimen lunga lelembute pulo Jawa. (SSS.PII.Snm. Pd 09)

Jeng sultan Ngerum salah sijine ratu kang ngemu citra sarwa becik, kajaba iku panjenengane uga sajrone panliten iki Ratu Ngerum kasebut uga nduweni wisik/wewarah ghaib. Babagan kasebut miinangka salah siji kawaskithan sing dinduweni minangka ratu sing tansah bisa maca kedadeyan sawijine kahanan :

“Sasmitaning Hyang Widhi/ dhawuh marang Sultan ing Rum/ kinen ngiseni janma”.(SJTJ. Kaca 17. Snm. Pd 02)

Pada ing dhuwur jlentrehake ngenani impene Jeng Sultan srana wewarah ghaib. Bisa kadudut yenta sapa sira sing suci raos sejatine, Gusti pangeran bakal “open house” pangeran sejatine rumaket menyang dhiri sing tansah ngupaya nggayuh raose. Jeng Sultan sajrone lelaku spiritual kanthi srana dedikasi kapimimpinan wus ngecakake Hambeg Surya (yaiku sumunar, sumunuar raos wisike, amrih paring patunjuk lumantar rakyat, lan kaslamatan tumrap umat)

(Purwadi. 2006:56) wolung macam patrapan sajrone dadi pamimpine rakyat. Jumeneng ratu tansah ngemu paugeran :

1. Mulat. Ratu tansah mangerten i kahanan lan pangrembakan peradaban rakyat (bisa angon rasa)

2. Milala. Dhiri ratu tansah nggedhekake ati rakyate.

3. Miluta. Jumenenge ratu kayata guru, tansah mbiming, ngarahake. Mula tansah paring wejangan lumantar kaluputan supaya rakyat bisa mlaku sajrone margi kang bener.

4. Palaidarma. Ratu tansah paring patuladhan, conto kang sarwa becik.

5. Palimarma. Ratu tansah nuwuhake *raos pangapura, ati jembar legawa, sabardrono, lembah manah*. Lembah manah uga dilarasake kanthi teges, prawira anggone ngaku luput lan merjuwangake sing bener.

6. Mengku. Ratu tansah dadi wadhahe rakyat. Wadhabah ateges paring pangayom, diayomi, disejahterakake rakyate supaya makmur gemah ripah. Sejatine kedadeyan kasebut uga dilarasake minangka rakyat uga tansah gelem diayomi supaya bisa maju bebarengan padha- padha nyejahterakake.

(Endraswara, 2016:140) titahing raja tansah ngugemi lelaku kapamimpinan kang misuwur “*narendra gung binathara, mbaudhendha nyakrawati, ambeg adil paramarta, memayu hayuning bawana, budi bawa leksana*”. Jalaran supaya bisa gawe katentreman rakyat. Ratu tansah ngemu 8 sipat Astha brata, Astha (wolu) brata yaiku “*laku*” utawa dalan spiritual. Astha brata yaiku wolung “*laku*” sawijine pawongan nalika sinau mengku kapimimpinan. Watek wolung dewa yaiku (1) Endra, nurunake katuruman, rata (2) Yama, ngukum wong sing luput (dosa) (3) Surya, mawas dhiri ngati- ati sajroning tumindak (4) Candra, becik nalika dideleng saka mripat, sumeh, aris (5) Bayu, tansah waspada (6) Kuwera, ngemu sikap asih (7) Baruna, teges paring ukuman tumrap kaluputan. Tliti sajrone ngadili (8) Brama, ngapus tumrap samubarang ala.

2. Laku Srana Tugas

a. Moncerake Citra Minangka Pandhita Ngerum

Pandhita minangka pawongan kang ngupaya mardikakke jiwane. (Endraswara: 2016: 154) Pandhita yaiku wiku, guru kang dadi sumbere ngelmu. Pandhita sing temen ateges wignya (paham) ngenani ngelmu. Pandhita sing kaya mankono bakal dadi cagak tumpune para cantrik sajrone niti kautaman sajrone mampir ngombe. Jumeneng pandhita tansah nduweni etika :

- (1) **Paramasastra.** Mangerten
kasusastran
- (2) **Paramakawi.** Ahli basa kawi
- (3) **Mardibasa.** Wasis nggunakake etembungan sarwa endah
- (4) **Mardawalagu.** Ngemu wewatekan aris tumrap sasama
- (5) **Awicarita.** Kebak carita lan pepinteran
- (6) **Nawungkridha.** Wasis ngelmu kasampurnan (kamardikan)
- (7) **Sambegana.** Tansah eling Kajaba ing dhuwur jumeneng pandhita tansah ngemu citra :
(A) Aris ing manah
(B) Aris ing tindak lan tuturan
(C) Nglabuhake menyang prakara kang adil lan becik
(D) Mantep
(E) Nglingsirake pakareman

Falsafah etika pandhita tansah diugemi kanthi tujuwan ngendalekake nepsu sing tansah nguwasanji jiwa manungsa. kanthi cara :

- (1) Tapa anarima.
- (2) Tapa geniara.
- (3) Tapa banyuara
- (4) Tapa patiara

Paraga Syekh Subakir sajrone SJTJ minangka pandhita kadhapuk diutus Jeng Sultan Ngerum. Syekh Subakir minangka paraga utama sajrone Serat SJTJ nduweni maneka peran. Peran kang dhominasi sajrone paraga Syekh Subakir yaiku Prawira. Prawira (Bausastra jawa) “kêndêl” diugemi dening Syekh pandhita minangka pandhita. Kapacak SJTJ pada ngisor iki :

“Prasanya saput piranti/ prapta ing tanah jawi/ samana Seh Bakir wau/anjungun Gunung tidhar”
(SJTJ.Kaca 18.Snm. Pd.10)

Sèh Bakir aris têtanya / kisanak andika pundi / manira nêmbe tumingal / (SJTJ.Kaca 18.Snm. Pd.10)

Pada ing dhuwur gambarake ngenani prawirane, ketaatan paraga Syekh Subakir. Kapisan Syekh Subakir ajeg anggonen ngayahi jejibahan Jeng Sultan kanggo nglurukke lelembud, jin tanah Jawa sing sekti mandraguna amarga pawongan sing digawa dening Patih padha mati jalanan takluk marang kakuwatan ghaib. Kaloro, yaiku prawirane Syekh Subakir nalika panggih klawan dahnyange tanah Jawa yaiku Semar lan bature Togog. Syekh Subakir uga ngecakake patrapan kanthi aris tumrap dahnyang kekalih. Babagan kasebut minangka salah sijine citra sawijining pandhita. Kaprawiran uga kapacak sajrone SSS iki :

*Nulya mangkata den aglis, ing margatan winarni. Kiyana patih aja ra kantun sandika aturira uluk salam ndangkat nuli, Den kawarna ing keling wus prapta
Wus prapta ing Keling praja, dawuhaken amundut janmi, rong leksa somah katahnya, laju layar pulo Jawi, Sech Bakir kang winarni (SSS. PI.I.Snm. Pd 10-II)*

Kawaskithan sawijine citra pandhita uga kagamarake sajrone Syekh Subakir yaiku daya teluh/ tenung nganti ndadekake jin, lelembud, mêmédi lan samubarang ghaib negatip lunga menyang segara. Ateges citra pandhita kang waskitha lan bisa ngalahake samubarang negatip ana sajrone wewatekan Syekh Subakir. Kapacak sajrone pada iki :

nulya na ampuhan prapta/gara gara udan angin/gumleger swaraning arga/ampak-ampak obar-abir/pepeteng anglimputi/geger sagunging lelembut/jin setan alumajar/banaspati padha ngili/ilu-ilu janggitan lawan kemamang//(SJTJ. PI.Snm. Kaca 18. Pd II)

wewe peri prayangan/ samya ngili mring wanadri/sadaya prasami bibar/saweneh malbeng jaladri/geger akontrang- kantring/tan kawawa panasipun/nengna ingkang kaplajar/mangkya genti kang winarni/wonten janma sepuh mung kekalih kadang//(SJTJ. PI.Snm. Kaca 18. Pd II)

Pada ing dhuwur jlentrehake ngenani gegambaran saka daya ampuhe “teluh” kang pinasang dening Syekh Subakir. Gegambarane mawujud udan angin, gumlegar swarane Gunung mbledhos, lakune gegrombolan pedhut, clèrèt/thathit, sakduhwure Gunung lan awang awang, peteng dhêdhêt ndadekake gègère sakabehane lelembut padha mili, panas kena daya teluh.

Babagan kasebut uga dijilentrehake sajrone SSS yaiku wewujud :

Gya jumegur swaranira, gara-gara andatengi, gumelar gora prahara, teja lawan obar abir, peteng mendung nglimputi, geger sagunging lelembut, jin setan brekasakan, sami lunayu anggendring, ilu ilu banaspati lan kemamang. (SSS. PII.Snm. Pd 12)

Wewe peri prayangan, angebyur marang jaladri, gandarwa gandarwa mlayu sarsaran, tetekan keblak memedi, sedaya samya ngungsi, tan kawawa panasipun, gantiya kang winursita, pan wonten danyang kakalih, gih punika tetuwane brekasakan. (SSS. PII.Snm. Pd 13)

Citra kapandhitan uga kagamarake dening Syekh Subakir nalika ngucap carita ngenani jangka umure tanah Jawa, jumenenge ratu lan praja, nganti lingsire pulo Jawa amarga wis tinakdir kapacak sajrone pada ngisor iki :

narendra gung ing Ngèrum nagari / ingkang dhawuh angisèni janma / tanah Jawa saindènge / kinèn bubak wana gung / amung inggih panuwun mami / turun kula tumuta / nèng tanah Jawèku / Tuwan Sèh Sébakir mojar / pakênia kisanak ingsun sajari / atas karsèng Hyang Suksma //

lélakone tanah Jawa iki / wus tinakdir benjang sirnanira / rong èwu status warsane / wiwit iki ing taun / satus warsa tanpa narpati/ maksih kadya kukila / durung ana ratu / miwah durung ana tata / yèn wus jangkèp status warsa karsèng Widhi / nulya reriptan narendra // (SJTJ. Kaca19. Dndnggl . Pd 07-08)

Pada ing dhuwur nyaritakake Syekh Subakir nalika panggih klawan Semar, nyaritakake tujuwan utusan saka Praja Ngerum. Kawaskithan tuwu sajrone pada loro “lélakone tanah Jawa iki wis tinakdir ing mbesuk”. Pada sakwise nyaritakake ngenani jumenenge praja ing tanah Jawa, nganti temune jaman sengara, temune jaman ratu adil, lan lingsire pulo Jawa. Babagan kasebut uga dijilentrehake sajrone SSS wewujud pada :

Apan kinén ngisenana, janma pulo Jawa ngriki, dimene tangkar-tumangkar, reja ambubak wanadri, kang sun prenahaken iki, wong Keling nagaranipun, cacah rong leksa somah, iku karsane Hyang Widi, boten kena yen dika amalangana. (SSS. PII. Snm.Pd 29)

Sang Hyang Semar saurira, sokur jumurung saket, yen karsane Sri Narendra, ing Rum dawuhing Hyang Widi, kadawuhan ngiseni, ing pulo Jawa puniku, kinén ambubak wana, nanging ta panyuwun mami, inggih kula tumuta ngadani Jawa. (SSS. PII. Snm.Pd 30)

Laku Srana Pengasuhan lan Kawruh

- a. Semar Minangka Panjelmane Sang Hyang Widhi

Laku spiritual dhiri salah sijine ana sajrone Pengasuhan lan kawruh. Semar miturut (Endraswara. 2016: 195) minangka pola pamikiran pawongan Jawa kang mawujud sajrone carita suci simbolik sing rumaket sajrone panalaran alam bebrayan Jawa. Semar sajrone alam panalaran bebrayan Jawa minangka wujud pralambang minangka srana jlentrehake pamikiran, dunya, batin, budaya tumrap masyarakat sing gayut rumaket.

A. Semar Minangka Panjelmane Sang Hyang Widhi

Ngenani kahanan Gusti, hakikat sejatine ora mujudake lahiriyah, nanging kaya- kaya bayangan (Ayang- ayang). Ayang ayang bisa katangkep lumantar srana kaca pangilon utawa lampu. pawongan sing ngilon sakngarepe kaca hakekate minangka dzate Gusti pangeran lan bayangane saka wong sing ngilon kagamarake mnangka manungsa. Nanging, pantulan saka ayang- ayang mau ora padha persis, nanging amung wewujud sipat- sipat mligine ana salah sijine sipat rohaniyah. Wewayangan sajrone lampu uga pahda, lampu miangka pepadhang sumber pepadhang. Nanging, lampu kasebut nduweni wewayangan yaiku manungsa. Kahanan antarane manunngsa lan Hyang ibaratake lampu. Sumbu ibaratake jasad lan jisim, wadag, banjur cahyane lampu yaiku dunya arupa panguripan iki, sakdurunge ana banjur ana lan ora ana maneh kayata murupe geni sajrone sumbu iku mau. Gambaran- gambaran saka sipat dzat Gusti iku mau jlentrehake yenta Gusti ana awujud dzat, sipat kang sumebyar sajrone panguripan iki (Endraswara.2016:65).

Semar lan Togog kasambungake minangka mitologi kapitayane alam pamikiran Jawa, wis nyumarambah mokal sajrone alam pamikire wong Jawa. Semar minangka “memoar” jaman, sing tansah dieling, kagamar, kapuja lan ora bakal jelas. Semar pancen “Samar” tansaya direngguh tansaya awang- awang anggone mbedah sejatine Semar. Jalaran saka kuwi Semar kadhapuk minangka katurunan saka maneka dewa, panjelma Sang Hyang Ismayajati, kasambungakae klawan dedewa (hindu), sajrone SJTJ uga diwedharake asal sejatine Semar :

1. *Sayaktine ngong dede sujanmi / gih manira dhanyang tanah Jawa / sésépuh mōngka ulune / sagunging kang lélèmbut / ngong titise Kawa Sang Dèwi / yèn padukarsa tanya / mring jéjuluk ingsun / inggih Sang Hyang Manikmaya / Sang Hyang Èsis Hyang Srigati inggih mami / Bathara Guru ingwang //*

2. *Sang Hyang Wénang gih jéjuluk mami / lawan inggih Hyang Jayakusuma / Dyan Jakapandhak malihe /*

--- [19] ---

Idhi-Idhi gih ingsun / Ithi-Ithik acincing gati / sésilih Sang Hyang Sémar / de dumados ingsun / duk ing kina Ibu Kawa / anglunturkén rahsa tinampam Idajil / winorkén kamanira // (SJTJ.Kaca 19.Dndnggl. Pd 01-02)

Nalika kajlentrehake lumantar piwulang laku spiritual sing bisa diugemi yaiku sawijing alam Jawa, kapitayan tumrap kaanane Gusti Murbeng wis ana wiwit lan kaya kaya Semar wis legitimasi sajrone batin pamikiran wong Jawa. Mula kadudut budaya Jawa kanthi nengenake babagan teologis tansaya adilhung amarga luhure kapitayan babagan “ayang- ayang” minanagka dadi konsep ngenani teologi kapracayan tumrap anane dzat kang Maha. Babagan ing dhuwur uga ngemu pepadhan sajrone SSS yaiku :

Lamun janma durung ana, kang umur saleksa warsi, Sang Hyang Semar saurira, yeku kawula puniki, pan inggih dede janmi, danyang tanah Jawa ingsun, danyang sepuh priyangga, titise Jeng Kawa Dewi, kang jejuluk Sang Hyang Maya inggih kula. (SSS.PII.Snm.Pd 22)

Sang Hyang Sis inggih kawula, Sang Srinata inggih mami, Durgulowyia inggih kula, Sang Hyang Wenang inggih mami, Joyokusumo tuwin, Joko Panduduk nggih ulun, Tuwawana gih kula, Manikmaya inggih mami, inggih kula ingkang paparab Sang Hyang Semar. (SSS.PII.Snm.Pd 23)

Wonten ngriki wiwit kuna, duk Ibu Kawa rumiyin, nglunturaken rasa mulya, tinadahan mring Ijajil, cinipita rama nguni, den wor lawan kamanipun, anulya dadya kula, lamun dika dereng ngreti, gih punika gancare badab kawula. (SSS.PII.Snm.Pd 24)

B. Paraga Semar Minangka Figur Falsafah Jawa “Semu”

Falsafah urip madya sajrone pawongan Jawa kagamarake sajrone unen- unen yaiku “ngono ya ngono ning aja ngono”. Falsafah kasebut kaserap minangka urip tansah urip sing sawajare (saklumrahe). Sikap lan patrapan miturut ukuran umum lan etika sing wis ngonveksi sajrone budaya alame Jawa. Sabanjure nalika etika lan raos nyawiji,

ndadekake ajaran ngenani etika humanistik sajrone bebrayan.

Falsafah “madya” Jawa bakal ngarahake supaya tansah nindakake *anoraga* (ngrendahake dhiri) supaya nglurukake sikep : (1) sapa sira sapa ingsun, aja adigang, adigun, adiguna lan aja dumeh (ngunggulake dhiri, ngrendahae wong liya, nyacad pawongan liya). Pawongan Jawa luwih nglurahurake pawongan sing eling, amarga prinisp urip yaiku wong sig slamet saklumrahe- lumrahe yaiku wong sing tansah eling. Eling ngimplementasikake sajrone laku mawas dhiri lan waspadha. R. Ng. Ranggawarsita ngelingake sajrone Serat Kalatidha. Snm. Pd 09. Gtr 09 “*Sabegja-begjane kang lali luwih begja kang eling lawan waspada*”. Sajrone Serat SJTJ ana lelaku sing nindakake waspadha lan mawas dhiri minangka wewujudan saka pamikiran “madya” yaiku nalika Ki Semar panggih klawan Syekh Subakir :

mila prapta pukulun / amarpègi dhatêng sang rési / parlu kularsa tanya / pagene sang wiku / ngrusak anak putuningwang / kagegeran keni prantine sang rési / kang ténung taragnyana // (SJTJ. Kaca 19. Dndgla. Pd 04)

Sang Hyang Sémar wuwusira / kakang Togog paran iki / gara-gara agung prapta / gumlégér swaraning wukir / bumi kadya ginonjing / prakémpa asindhung riwut / kilat thathit liwérán / calèrèt lan obar-abir / tanpa mèndha saya gêng kang gara-gara // (SJTJ. Kaca 18. Snm. Pd 14)

Kuthipan ing dhuwur jlentrehake yenta Semar tansah mawas dhiri lan waspadha tumrap tekane Syekh Subakir minangka pawongan saknjabane tanah jawa kajlentrehake kanthi ukara pitakonan menyang Syekh Subakir awujud “*parlu kularsa tanya | pagene sang wiku |*”. Semar sing ngemu lelakon kanthi alus mula bisa ngrasakake kedadeyan apa sing lagi njalari tanah panggone owah mligne sakdhuwure pucuke Gunung Tidhar sajrone ukara “*Sang Hyang Sémar wuwusira*”. Semar sajrone carita kadhapuk minangka pamomonge tanah Jawa. Syekh Subakir paring pitulungan lumantar Semar yaiku tansah mbimbing manungsa tanah Jawa sing wis ditekakake saka lemah Keling. Babagan ing dhuwur uga kapacak sajrone SSS, yaiku :

Dene kiraka punika, titise Siti Sendari, sun karya kadang ngong tuwa, dedukuh wonten ing Jawi, milane kula mriki, panggih lawan dika wau nyuwun taken pawarta, dateng andika sayekti,

*punapa ta andika angrusak Praja.(SSS. PII.
Nm. Pd 27)*

*Sang Hyang Semar lon wuwusnya, kiraka
wonten punapi, sagung demit kagegeran,
gara-gara apa iki, bumi agonjang-ganjing,
prakempa asindung riwut, bayu braja
liweran, kilon geter obar-abir, gumaleger
swaraning kang punang harga. (SSS. PI.
Nm. P15)*

Semar asring kadhapuk paraga kang ngemu karakter figuratif. Semar bebas, mawujud karakter apa wae, Semar ora bisa jelas "samar", sajrone SJTJ Semar minangka manungsa biyasa sing wis umur sewu taun, nanging nalika jlentrehake menyang pandhita sejatine Semar yaiku trah saka jagad kadiwan. (Endraswara. 2016: 200) Semar yaiku minangka pêteng lan padhang. Manah sing samarsamar ndadekake bisa ndeleng samubarang padhang sajrone pêteng, bisa ndeleng kabecikan sajrone ala. Samar sing praen pucet, analogi sajrone mati ateges sapa sira wani gawa mati sajrone urip bakal sejati sajrone panguripan iku. Sajrone gumuyune Semar, analogi saka tangise saka batin.

Amarga samar lakune Semar, paraga abdi tanah Jawa tansah diugemi dening paraga Semar sajrone SJTJ. (Endraswara. 2016:142) Lelaku sawijine abdi anggone nggayuh kekarepan tansah lelandhesan sembah raga, cipta, jiwa lan raos. Sembah raga yaiku laku jejuruk Sarengat, sajrone nglaksenani tansah ajeg, tekun, lan trep. Sembah cipta yaiku tarekat, manemmbah menyang Gusti pangeran. Lelakune tansah nyucekake jiwa kanthi cara tata, titi, ngati-ati, tetep, tlaten, lan atul. Sembah jiwa yaiku laku batin minangka saka intine sembah lakune yaiku tansah awas, lan emut. Sembah rasa yaiku laku sing bisa nggayuh kasampurnan sejati.

Kasampurnan sejati tansah nyentosakake dhiri. Mbebasake sakabehane bebendu, bebaya, mastekake aman, tentrem, sejahtera amarga saka wujud panyerahane dhiri minanagka abdi tumrap jejabahan, amanah sing katujokake sakabehane menyang rakyat (*sepi ing pamrih, rame ing gawe*). Ateges sepi sajrone maksud lan taberi sajrone pakaryan. Wujud panyerahane dhiri sajrone SJTJ lan SSS padha- padha nunjukake minangka Semar lan Togog wus manggon ing lemah Jawa kapacak luwih saka sewu taun. Ateges Semar lan Togog

sajrone idealisme wong Jawa minangka pangemong, nglindungi pulo Jawa saka bebendu :

*manira durung miyarsa / wong umur salêksa warsi /
Nabi Adam langkung panjang / yuswanipun sèwu
warsi / lah apa ta sirèki / dudu manusia satuhu / dèn
balaka maringwang / dene umurnya ngluwih / Sang
Hyang Sémâr lon nabda pindha sarkara // (SJTJ.
Kaca 19. Nm.pd 21)*

*Sampun sangang ewu warsa, inggih wonten pulo
ngrikiki, dedukuh ing hardi Tidar, saweg antuk sewu
warsi, langkung taun puniki, Sech Bakir gawok
angrungu, dika niku wong napa, napa ta ayekti janmi,
umur dika dene ta kaliwat-liwat. (SSS. PII. Nm. Pd
22)*

Babagan ngenani umure Semar ngancik saleksa diinterpretasikake minangka Semar nyumarambah sajrone konteks, salah sijine minangka simbol bapa manusia jawa sajrone (Endraswara, 2018:200) kabukten sajrone "Jangka Jayabaya" paraga Semar digunakake kanggo panyaruwe lan penasehat para ratu sajrone tanah Jawa kurang luwih 25.00 taun. Kanthi wewujudan sing sarwa ana nanging ora ana, ora ana nanging ana. Paraga kasebut cinipta minangka ajaran budaya alus. Semar minangka pralambang akal, budi manungsa Jawa. Sikap sing magepokan klawan budi yaiku minangka Semar nduweni Toleransi gedhe anggone nrima pawongan menyang tanah Jawa. Sipat toleransi uga dadi lelaku supaya tansah pada tepe slira, lan padha mbungahake supaya ngadohake saka prakara kang ora dikarepake. Babagan kasebut kajaba kapacak sangisore larik SJTJ uga ditemokake sajrone SSS yaiku :

*dhinawuhan ngisèni sujanmi / dimèn
padha atégal myang sawah / bubak wana
sadayane / kang dèn isèkkén iku / janma saking
ing tanah Keling / kèhe rong lèksa somah / wus
karsèng Hyang Agung / tan kêna pinalangana /
Sang Hyang Sémâr nabda jumurung sakéthi /
yèn karsaning jêng sultan // (SJTJ.Kaca 19.
Dndngbla. Pd 06)*

*Sang Hyang Semar saurira, sokur
jumurung saketi, yen karsane Sri Narendra, ing
Rum dawuhing Hyang Widi, kadawuhan ngiseni,
ing pulo Jawa puniku, kinan ambubak wana,
nanging ta panyuwun mami, inggih kula tumuta
ngadani Jawa. (SSS. PII. Nm. Pd 30)*

Sikap toleransi mawujud ing pada iki nalika Syekh Subakir carita ngenani tujuwan menyang pullo Jawa banjur carita yen pawongan sing tak

gawa menyang tanah iki tansah padha sinau, supaya bisa nyejahterakake kaluwarga lan lingkungane lumantar ngelmu tani.

PANUTUP Dudutan

“Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi” minangka serat kang tinulis sajrone pangrembakane kasusastran Jawa anyar sing isih klebu kasusastran klasik minangka terusane saka jawa partengahan, kapacak saka panggunane tembung sing kacampur klawan tembung basa Kawi, panggon nalika nyerat. Isi carita “Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi” sing katulis nalika jaman Mangkunegaran iku mbabar ngenani internalisasi islamisasi ing tanah Jawa dening Pandhita tlatah Ngerum.

Adhedhasar asile panliten lan andharan, mula bisa dijupuk dudutan saka saperangane bab. Saperangan dudutan kasebut bakal diandharake ing ngisor iki:

1. Underan kapisan yaiku bakal ndhudhut dhapukan carita sajrone Sérat Jāngka ing Tanah Jawi arupa perangan- perangan sing kapantha sajrone bab kedadeyan, yaiku :
 1. Kahanan tanah Jawa sépèn
 2. Patih Mangkat Menyang Tanah Jawa
 3. Jeng Sultan Ngutus Syekh Subakir
 4. Syekh Subakir Menyang Tanah Jawa Lan Nglakokake Tēnung
 5. Syekh Subakir Panggih Klawan Semar lan Togog
 6. Semar lan Togog Mbabar dhiri
 7. Syekh Subakir Ngenani Lakune Tanah Jawa
 8. Syekh Subakir Pamit
2. Underan nomer loro yaiku bakal mbabar Sérat Jāngka ing Tanah Jawi kanthi cara ngintertekstualake klawan seseratan kang dirasa nduweni itisari carita mèmpèr salah sijine yaiku tafsiran ajaran Syekh Subakir. Asil interteks sajrone transliterasi Sérat Jāngka ing Tanah Jawi klawan Transliterasi Serat Syekh Subakir yaiku : Pepadhan lan pambeda. Sajrone Serat kaloro bakal medharake Pepadhan kang sarwa kebak(pepadhan ateges anut konvensi saka teks sakdurunge), wiwit saka jeneng paraga utama lan paraga panyengkuyung, pamaragan sing ora ngalami owah- owahan, tema mayor yaiku sejarah

(babad), tema minor yaiku Kawaskithan, Kaprawiran, lan mistisme, alur padha maju. Pambeda yaiku kaperang dadi papat : ekspansi, konversi, Modifikasi, lan Ekserp. Nanging sajrone panliten iki amung ditemokake rong perkara: (Konversi, Modifikasi)

- a. Konversi : ora ditemokake “siklus alam” sajrone SJTJ
- b. Modifikasi : owah- owahan gramatikal. Sajrone ngronce tetembungan. Antarane SJTJ lan SSS miginakake tembung Jawa anyar lan Kawi kang ora trep utawa acak.
3. Underan katelu yaiku bakal medharake babagan Nilai laku spiritual sajrone transliterasi Sérat Jāngka ing Tanah Jawi klawan Transliterasi Serat Syekh Subakir. Nilai sing bisa kajupuk sajrone panliten antara serat kaloro yaiku kaperang dadi telu lelaku yaiku
 1. **Laku Srana Dedikasi Kapimimpinan**
 - a. Monceraku citra minanga ratu
 2. **Laku Srana Tugas**
 - a. Moncerake Citra Minangka Pandhita Ngerum
 3. **Laku Srana Pengasuhan lan Kawruh**
 - a. Semar Minangka Panjelmane Sang Hyang Widhi
 - b. Paraga Semar Minangka Figur Falsafah Jawa “Semu”

Pamrayoga

Panliten “Nilai Laku Spiritual Sajrone Sérat Jāngka Ing Tanah Jawi Sesambungan Klawan Sérat Syekh Subakir” iki bisa didadekake minangka salah sawijine panemu kanggo mangertenilai-nilai ajaran bentuk- bentuk lelaku spiritual sajrone panguripan. Panliten kang wis ditindakake iki bisa didadekake referensi kanggo luwih mangertenilai ngenani tintingan intertekstual lan babagan nilai laku spiritual.

Sabanjure, isih nyenyigit maneka warna prekara kang narik kawigaten kanggo ditliti. Panliten sabanjure bisa ditindakake kanthi perspektif kang beda. Tuladhane sastra bandhingan utawa antropologi sastra. Mula kang saka iku, panliten iki prelu dirembakakake amarga panliten kanthi maneka perspektif kang dianggo bakal

ngasilake teori anyar kang nambahi teori sadurunge.

KAPUSTAKAN

- Agustian, Ary Ginanjar. 2003. Emotional Spiritual Quotient
- Ciptoprawiro, Abdullah. 2000. Filsafat Jawa. Jakarta : Balai Pustaka
- Endraswara, Suwardi. 2016. Falsafah Hidup Jawa, Menggali Mutiara Kebijakan dari Intisari Filsafat Kejawen. Yogyakarta: Cakrawala
- _____. 2007. Metodologi Penelitian Sastra. Yogyakarta: Medpress
- _____. 2018. Psikologi Raos dalam Wayang. Yogyakarta: Narasi
- _____. 2010. Etika Hidup Orang Jawa. Yogyakarta: Narasi
- _____. 2014. Mistik Kejawen: Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa. Yogyakarta: Narasi
- Geertz, Clifford. 1983. Agama Jawa: Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Herusatoto, Budiono. 2012. Mitologi Jawa. Depok: ONCOR Semesta Alam.
- Koentjaraningrat. 1994. Kebudayaan Jawa. Jakarta: Balai Pustaka.
- Mulyono, Sri. 1982. Wayang Dan Filsafat Nusantara. Jakarta: PT. Gunung Agung Anggota IKAPI
- Mufid, Husnu. 2014. Pembabaran Syekh Subakir di Tanah Jawa dan Ajarannya. Surabaya: Menara Madinah
- Musman, Asti. 2017. Agama Ageming Aji, Menelsik Akar Spiritualisme Jawa. Yogyakarta: Pustaka Jawi
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. Teori Pengkajian Fiksi. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Poerwodarminta, W.J.S. 1939. Baoesastra Djawa. Batavia: J.B. Wolters.
- Poerbatjaraka & Hadidjaja, Tardjan. 1952. Kepustakaan Djawa. Jakarta. Penerbit Djambatan.
- Purnomo, Bambang. 2016. Filologi dan Studi Sastra Lama. Surabaya: Bintang
- _____. 2017. Sastra Jawa Pesisiran: Sebuah Fenomena Kebudayaan. (Buku Materi Pokok Kesusastran). Surabaya: IKIP Surabaya

- Purwadi, Rahmat Fajri. 2005. Mistik Dan Kosmologi Serat Centhini. Yogyakarta: Media Abadi
- Ratna, Nyoman Kutha, 2010. Teori, Metode, Dan Teknik Penelitian Sastra. Jakarta: Pustaka Pelajar
- Romandhon M. 2017. Melacak Jejak Syeikh Subakir: Riwayat Penumbalan Tanah Jawa dan Walisanga Generasi Pertama. Yogyakarta: Araska Publisher.
- Subakir. Musarar Syekh Subakir. Terj. Sukri, Mat. 2011. Asal-Muasal Tanah Jawa. Yogyakarta: Haura Pustaka.
- Sudaryanto, dkk. 2001. Kamus Pepak Basa Jawa. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Sugiyono. 2015. Metode Penelitian Pendidikan. Bandung: Alfabeta
- Sukatno, Otto. 2017. Paramayoga: Mitos Asal- Usul Manusia Jawa. Yogyakarta: Narasi
- Sumintarsih, dkk. 1990. Senjata Tradisional Daerah Istimewa Yogyakarta. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Sumukti, Tuti. 2005. Semar; Dunia Batin Orang Jawa. Yogyakarta: Galang Press
- Sunyoto, Agus. 2012. Atlas Walisongo. Jakarta: Pustaka IIMAN.
- Tambusi, Musdar Bustaman. 2010. Buku Pintar Jin, Sihir dan Ruqyah Syar’iyyah. Jakarta: Pustaka al-Kautsar.
- Teeuw, A. 1983. Membaca dan Menilai Sastra. Jakarta: PT Gramedia.
- _____. 2007. Pengantar Penelitian Sastra. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

JURNAL

- Yohanna, Bambang P. 2012. Piwulang Bab Pangeran, Kapangeranan sajrone “Serat Ngabdul Jalil” Kabandhingake Klawan “Sufisme Syekh Siti Jenar”. Jurnal Online Bharada Vol. 1 No. 01
- Sri Iswidayati. 2007. Fungsi Mitos Dalam Kehidupan Sosial Budaya Masyarakat Pendukungnya. Jurnal Unnes.